



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Mesaj Akademi Kreyòl Ayisyen

nan okazyon selebrasyon Jounen entènasyonal lang ak kilti Kreyòl 2022

Depi premye semèn mwa oktòb la, Akademi Kreyòl Ayisyen te lanse mwa lang ak kilti kreyòl 2022 a sou tèm “**Lang kreyòl nan lasyans: wi nou ap vanse!**”. Malerezman, sitiwayon sosyopolitik malouk peyi nou ap travèse depi kòmansman mwa sektanm nan, pa pèmèt nou egzekite kòm sadwa kalandriye aktivite nou te prevwa pou nou non sèlman selebre ansanm lang nou ak kilti nou, men tou pou nou te selebre lavi yon gwo potrik ekriven, kreyolis Emile Celestin Mègie, Togiram (16 oktòb 1922 - 6 jiyè 2018). Mwa oktòb sa a t ap bay Togiram 100 lane si li t ap viv toujou. Tèm “**Lang kreyòl nan lasyans: wi nou ap vanse!**”, se tankou yon lanbi rasanbleman Akademi Kreyòl Ayisyen kònen pou li mande tout moun ki ap travay nan domèn lasyans pou yo pote kole nan yon konbit ki deja ap fè chemen li nan peyi Ayiti ak nan peyi etranje. Konbit sa a, se jefò anpil etidyan, chèchè nan plizyè domèn konesans syantifik tanmen pou kore devlopman lang kreyòl la, nan ogmante kantite pwodiksyon syantifik ki disponib nan lang kreyòl la, nan tout domèn. Tèm sila a se yon fason tou pou Akademi an fè sonje zòrèy li an twonpèt, je li louvri byen klere sou jefò ki te fèt e ki ap kontinye fèt pou lang Kreyòl nou an gen yon prezans pi vivan nan monn syantifik la.

Jounen entènasyonal lang ak kilti kreyòl 2022 a, se yon okazyon Akademi Kreyòl Ayisyen vle pwofite pou li voye yon ochan byen merite pou divès pèsonalite ki kite travay yo kòm tras sou chemen an. Nou pa ka pa sonje travay yon fanm tankou kreyolis Suzanne Comhaire Sylvain (pitit ekriven Georges Sylvain) ki te pibliye an 1936 yon liv syantifik sou kreyòl ki te parèt sou tit « *Le créole haïtien: morphologie et syntaxe* ».



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Suzanne Comhaire Sylvain, yo konsidere kòm premye lengwis fanm nan peyi Ayiti epi yonn nan premye moun ki reyalize yon travay syantifik sou kreyòl ayisyen an, te wè nesite pou defann lang kreyòl la ak bon jan agiman syantifik solid nan yon epòk kote kèk moun t ap klèwonnen kreyòl pa lang. Kijan pou nou fè pa sonje tou travay grandèt tankou Pierre Vernet, Yves Dejean, Doktè Ernst Mirville (ki te manm Akademi an), te fè an kreyòl ak sou kreyòl pou anrichi literati syantifik lang lan. Nan menm kategori sa a, nou vle raple ekriven Emile Celestin Mègie (Togiram) ki pibliye non sèlman woman nan lang kreyòl la, men tou, atravè enpòtans travay li, nou gen tandans klase li nan panteyon pèsonalite sa yo ki te konprann kreyòl se yon lang fèt e founi ki pa gen okenn baryè nan kèlkeswa domèn konesans. Ak piblikasyon an 1975 woman « Lanmou pa gen baryè », Emile Celestin Mègie pase kòm yonn nan ekriven ayisyen ki bay lang kreyòl ayisyen premye woman li. Kominote a rekonèt Togiram kòm manm fondatè Mouvmman Kreyòl Ayisyen / Sosyete Koukouy ; fondatè revyi mansyèl « Gindol » (1971 - 1978) yo konsidere kòm premye piblikasyon peryodik lang kreyòl ayisyen an. Li te manm ekip ki te travay pou mete nouvo òtograf kreyòl la nan ane 1980. Nou dwe sonje tou e sitou Emile Celestin Mègie se te yon fouyapòt nan lang kreyòl la, yon jeyan ki t ap fouye zo nan kalalou nan lang lan pou fè soti divès lyen ki egziste ant kreyòl ayisyen an ak divès lang afriken. Se vre se mwa oktòb 2022 a ki make santènè nesans Emile Celestin Mègie, men Akademi Kreyòl Ayisyen ap rezève tout rès ane a pou savalouwe grandèt la.

Pou jounen 28 oktòb 2022 a, Akademi kreyòl plis di li ap make dat la olye li di selebrasyon parapò ak sa Akademi an abitye fè nan monte gwo pwogram kote li reyalize plizyè aktivite, tankou : seremoni lansman ofisyèl, konferans-deba nan lekòl ak inivèsite, entèvansyon nan radyo ak televizyon, piblikasyon atik nan jounal ekri kou jounal an liy, fòmasyon sou komunikasyon kreyòl, espozisyon liv kreyòl ak liv sou kreyòl, manifestasyon sosyokiltirèl



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



san bliye gwo seremoni ofisyèl la. Jou sa a se konn okazyon pou otorite Leta diferan patnè AKA epi lòt pèsonalite nan monn kreyòl la sou plan nasyonal ak entènasyonal vin fè popilasyon an konnen tou sa yo ap regle pou lang kreyòl nou an pran yon nivo siperyè. Kontèks sosyopolitik la, nou raple li, te lakoz pi fò nan aktivite sa yo pa te posib pou ane 2022 a. Erezman mouvman kreyòl la depase fwontyè peyi Ayiti. Gras ak Teknoloji a, AKA rete soude ak diferan patnè li yo ki ap reyalize yon seri aktivite wòdpòt nan anpil peyi sou latè. Nou ka site Etazini (Nouyòk, Boston, Merilann, Miyami), Kanada (Monreyal), Chili, Brezil, Kiba, Matinik, Dominik, Sentlisi, Gwadeloup, Repiblik Moris, Sechèl, Wodrig, Kapvè, Lafrans, Espay, etsetera. Aka voye gwo kout chapo solidarite ak felisitasyon pou tout òganizasyon nan espas sa yo ki kenbe drapo lang kreyòl la byen wo. Nou rekonèt fèt la ta pi bèl si toutbon nou te gen posiblite yon fwa ankò pou nou te òganize evènman ki pou raple enpòtans lang ki esprime istwa, koutim, tradisyon, kwayans, konesans nou, an gwo, kilti nou kòm pèp. Malgre tou, kreyòl pa an defisi. Li rete kòm pi gwo zouti pou popilasyon an defann sa li rete kòm valè, entegrite, diyite ak souverènte. Li rete kòm pi gwo zouti popilasyon an sèvi pou li denonse koripsyon, abi, enjistis, enpinite, ak tout kalite vyolasyon dwa li kòm pèp. Lang kreyòl la rete kòm pi gwo patrimwàn imateryèl pèp ayisyen an.

Se sa ki motive nou kòm Akademisyen kreyòl pou nou travay, pou nou leve eskap figi kreyòl la nan peyi Ayiti kou aletranje, pou nou defann dwa lengwistik pèp ayisyen tout kote yo ye, sa vle di : dwa pou ayisyen jwenn edikasyon, fòmasyon, enfòmasyon ak tout kalite sèvis nan lang yo pale a, nan lang yo konprann nan lang kreyòl, dwa pou kreyòl la trete kesyon lasyans.

Mezanmi ! nou p ap janm bouke raple Ayiti se pi gwo popilasyon kreyolofòn nan monn lan. Nou p ap janm bouke raple tou lyen istorik ak kiltirèl ki marande tout pèp kreyolofòn yo. Se bon moman pou Akademi an salye tout kreyolis ak kominote kreyolofòn nan peyi sa yo ki kontinye kenbe drapo kreyòl la byen wo lakay yo. Akademi Kreyòl Ayisyen pwomèt pou li kontinye konsolide relasyon li ak anpil lòt kominote kreyolofòn nan peyi etranje yo. Sa pral pèmèt li reyalize yon ansanm entèkansyon ak etid sou lang kreyòl la. AKA akeyi ak anpil chalè lide lòt peyi kreyolofòn pou kreyasyon divès rezo espesyalis lang kreyòl. : rezo tèminològ, rezo leksikograf, elatriye.



Republik Ayiti

AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Nou rive fòje yon lang ak yon kilti ki reprezante jounen jodi a yon pilye fondamantal nan egzistans ak idantite nou kòm pèp. Nou rive kenbe yon lang ak yon kilti ki rele nou chèmèt chèmètès ki se temwayaj prezans zansèt nou yo nan lavi nou chak jou ki jou. Annou kontinye pwogrese ! Yonn nan akademisyen kreyòl yo, Michel Ange Hyppolite, renmen di : «**limit yon lang se limit moun ki pale lang lan** ». Kidonk, nou bezwen rekonèt pwogrè lang kreyòl nan kèlkeswa domèn, se pwogrè pou moun ki pale lang lan paske lang kreyòl se premye zouti Ayisyen gen nan men li pou li aprann ak konprann nan respè dwa lengwistik li. Akademi Kreyòl Ayisyen an ap kontinye travay pou li fòse tout desizyon ki ale nan sans pou lang kreyòl vini lang de baz ansèyman nan premye nivo aprantisaj yo vin tounen yon reyalite. Krewe yon bon baz nan aprann nan lang kreyòl la depi nan nivo klasik se ouvri plis posibilite pou gwo chantye syantifik nan lang kreyòl la ouvri zèl li.

Pou fini, Akademi Kreyòl Ayisyen bese chapo li byen ba pou salye depa chantè Michael Benjamin ki kite yon diskografi rich ak bèl mizik ki fè onè lang kreyòl la. Pami bèl mizik sa yo, nou jwenn moso « Ayiti se » atis la te entèprete avèk anpil emosyon nan okazyon enstalasyon istorik premye manm Akademi Kreyòl Ayisyen yo jou 4 desanm 2014 la.

Depi 1983, toupatou nan monn lan, pèp kreyolofòn yo ap selebre lang yo ak kilti yo ! Ane 2022 a fè egzakteman 39 lane depi bèl selebrasyon sa a ap tire fedatifis, limen bouji, voye flè pou selebre sa nou ye ! Nan okazyon an, Akademi Kreyòl Ayisyen ap swete tout Ayisyen, tout kreyolofòn sou latè, yon bon Jounen lang ak kilti kreyòl 2022 !